



Risk Pou Sante Apre Yon Inondasyon

Kèk Konsèy sou Fason pou Pwoteje Fanmi Ou

DAT DÉNYE CHANJMAN: 02/2014

Sekirite Sanitè Manje: Fason pou Pa Pran Maladi nan Manje

- Moun pa ta dwe manje nenpòt sa ki ka pran kontak avèk dlo kontamine nan inondasyon oswa nan radmare.
- Moun pa ta dwe manje bwat manje yo prepare pou vann si gen yon kote ki gonfle oswa ki louvri sou bwat la oswa si bwat manje a gen bouchon vise, anlè boutèy soda oswa bouchon pou vire pou debouche li.
- Ou kapab konsève bwat manje konsèv ou achte ki pa domaje si ou retire etikèt yo, epi si ou dezenfekte bwat manje yo nan yon solisyon klowòks. Itilize 1/4 tas klowòks nan yon 1 galon dlo; re-mete etikèt sou bwat yo ansanm avèk dat ekspirasyon yo ak kalite manje a. Sipoze bwat manje konsèv ki lakay ou pa bon pou manje.
- Ou ta dwe bay tibebe yo bwè lèt tete pito oswa ou ta dwe bay yo sèlman lèt an poud bebe nan bwat ki melanje davans. Pa itilize lèt an poud ki prepare avèk dlo ki pa trete, itilize dlo bouyi pito.
- Lè gen blakawout, frijidè yo ap kenbe manje yo frèt apeprè pandan 4 èdtan. Ou ta dwe jete manje ki deglase ak manje ki nan frijidè yo apre 4 èdtan.

Netwayaj ak Ijyèn: Fason pou Pa Pran Maladi nan Dlo

- Li enpòtan anpil pou pratique ijyèn debaz pandan peryòd ijans sa a. Toujou lave men ou avèk savon ak dlo. Itilize sèlman dlo ki bouyi oswa ki dezenfekte pou lave men ou anvan ou manje, apre ou itilize twalèt, apre ou bay èd nan aktivite netwayaj, epi apre ou manyen atik ki kontamine avèk dlo inondasyon oswa avèk dlo ize.
- Dlo inondasyon ka gen matyè fekal ki sòti nan sistèm dlo ize, dechè agrikòl ak endistriyèl ak tank septik. Si ou gen blesi oswa maleng ki louvri epi ki ekspoze nan dlo inondasyon yo, kenbe yo pwòp otank posib. Pou fè sa, lave yo avèk savon ak dlo ki dezenfekte oswa ki bouyi.
- Pase krèm antibiotik pou redui risk pou gen enfeksyon. Si yon maleng oswa blesi vin wouj, si li anfle oswa si li gen pi, wè yon doktè.
- Pa kite timoun yo jwe nan dlo inondasyon yo. Yo kapab ekspoze nan dlo ki kontamine avèk matyè fekal.
- Pa kite timoun yo jwe avèk jwèt ki te nan dlo inondasyon yo jouk lè ou dezenfekte jwèt yo. Itilize 1/4 klowòks nan 1 galon dlo pou dezenfekte jwèt yo ak lòt atik yo.

Blakawout: Fason pou Evite Danje Dife

- Li pi bon pou itilize lantèn ak flach ki fonksyone avèk pil.
- PA JANM itilize bouji.

Netwayaj Apre Inondasyon

- Netwaye debri yo avèk anpil prekosyon pou evite chòk ak kontaminasyon.
- Ou ta dwe opere si-a-chèn yo nan kondisyon ki pwoteje (pa nan zòn ki tranpe nan dlo), epitou se moun ki gen bon jan eksperyans pou itilize yo ki ta dwe opere yo.
- Leve debri yo lè ou plwayejenou ou ak lè ou itilize janm ou pou ede ou leve yo.
- Mete soulye pou pa pran chòk nan pye nan vit, klou oswa nan lòt objè ki file.
- Pa manyen fil kouran ki nan dlo yo.
- Montre ou vijilan avèk bêt sovaj (koulèv, kayiman, elatriye) ki ka deplase akòz inondasyon an oswa tanpèt la. Si ou wè yon koulèv oswa yon lòt bêt sovaj, rale kò ou sou li dousman epi pa manyen li. Si koulèv la se lakay ou li ye, rele ajans kontwòl animal imedyatman nan konte kote w ap viv la.

Fason pou Retire Dlo-Dòmi: Fason pou Evite Maladi nan Moustik

- Gwo lapli ak inondasyon kapab lakòz yon ogmantasyon nan moustik yo. Moustik yo pi aktif lè solèy leve ak lè solèy kouche.
- Pou jwenn pwoteksyon kont moustik, DOH ankouraje piblik la pou yo toujou fè efò pèsònèl pou pwoteje tèt yo kont moustik yo depi yo swiv sijesyon ki anba la yo:

KOULE dlo-dòmi an:

- Koule dlo ki nan bwat fatra, bokit, kouvèti pisin, glasyè, jwèt, po flè oswa nenpòt lòt bwat ki kenbe dlo awozè oswa dlo lapli.
- Jete kawotchou machin ki fini, dwoum, boutèy, ti bwat, po ak kaswòl, aparèy menaje ki kraze ak lòt atik ou pa itilize.
- Vide epi netwaye basen zwazo ak bòl dlo bêt kay omwen yon fwa oswa de fwa chak semèn.
- Pwoteje bato yo ak veyikil yo kont lapli avèk twal bach ki pa kenbe dlo.
- Toujou kenbe pisin nan an bon eta epi mete klowòks ladan yon fason apwopriye. Vide pisin plastik yo lè ou p ap itilize yo.

KOUVRI po ou avèk:

- RAD - Si ou oblige sòti deyò lè moustik yo aktif, kouvri kò ou. Mete soulye, chosèt, pantalon long ak chemiz manch long.
- PWODUI ANTI-MOUSTIK - Pase pwodui anti-moustik sou po ou ki pa kouvri ak sou rad ou. Toujou itilize pwodui anti-moustik dapre sa ki endike nan etikèt la. Pwodui anti-moustik ki gen 10-30 poustan DEET, picaridin oswa Iwil ekaliptis abaz sitwon, ak IR3535 se pwodui ki efikas.
- Itilize moustikè pou pwoteje timoun ki poko gen laj 2 zan yo.

KOUVRI pòt yo ak fenèt yo avèk griy:

- Pa kite moustik antre lakay ou. Repare griy ki kraze nan fenèt, pòt, galri ak patyo.

Kèk Konsèy sou Itilizasyon Pwodui Anti-Moustik

- Toujou li eksplikasyon ki sou etikèt yo avèk anpil atansyon pou itilizasyon yo apwouve anvan ou pase yon pwodui anti-moustik sou po ou. Kèk pwodui anti-moustik pa bon pou timoun.
- Anjeneral, pwodui ki gen konsantrasyon apeprè 30 poustan DEET se sa ki rekòmande yo.
- Lòt pwodui anti-moustik yo, selon rapò Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) mwa jen 2007, gen picaridin oswa Iwil ekaliptis abaz sitwon. Anjeneral, pwodui sa yo disponib nan famasi lokal yo. Chèche engredyan aktif ki endike nan etikèt pwodui a.
- Pase pwodui anti-ensèk sou po ou ki ekspose, oswa sou rad ou, men pa anba rad ou. Lè w ap pwoteje timoun yo, li eksplikasyon ki nan etikèt la pou asire pwodui anti-moustik la apwopriye pou laj timoun yo.
- Dapre CDC, ou pa ta dwe itilize pwodui anti-moustik ki gen Iwil ekaliptis abaz sitwon sou timoun ki poko gen laj 3 zan. DEET pa rekòmande sou timoun ki poko gen la 2 mwa.
- Ou ta dwe kenbe tibebe yo andedan kay oswa ou ta dwe itilize moustikè sou pòt-bebe yo lè gen moustik nan zòn nan.
- Pa pase pwodui anti-moustik nan men timoun yo. Adilt yo ta dwe pase pwodui anti-moustik anvan nan men yo, epi yo ta dwe transfere li nan po ak rad tibebe yo.
- Si li nesesè pou gen pwoteksyon siplemantè, pase yon pwodui anti-moustik pèmetrin dirèkteman nan rad ou. Yon fwa ankò, toujou swiv eksplikasyon kote ki fè pwodui yo.

Kèk Konsèy pou Elimine Zòn ki Gen Repwodiksyon Moustik

- Netwaye ovan yo, abrevwa yo ak kanivo yo.
- Retire kawotchou ki fini yo oswa foraj nan sa ki itilize nan teren jwèt pou retire dlo ladan yo.
- Chavire oswa retire po plastik vid yo.
- Rammase tout vesò ak tas ki gen bwason ladan yo.
- Tcheke prela ki sou bato yo oswa ki sou lòt ekipman ki kapab rammase dlo.

- Ponpe bouchen ki sou bato yo.
- Ranplase dlo ki nan basen zwazo ak dlo ki nan vesò pou bêt kay oswa pou lôt bêt omwen yon fwa chak semèn.
- Chanje dlo ki nan plato plant yo, tankou plant anlè ki gen sipò yo, omwen yon fwa chak semèn.
- Retire plant oswa tout sa bi bouche fose ekoulman yo ki anpeche dlo a koule.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman sante konte kote w ap viv la, oswa konekte sou Enténèt nan sitwèb www.floridahealth.gov oswa nan www.floridadisaster.org. Epitou, ale nan sitwèb ki anba la yo pou jwenn lôt enfòmasyon eta a ak enfòmasyon federal sou fason pou planifye pou ijans ak katastwòf: www.redcross.org, www.ready.gov or www.fema.gov.